

Pou Piblikasyon Imedya: 21/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOPUZISYON NAN BIDJÈ EGZEKITIF LA POU
PWOTEJE NOUYÒKÈ YO KONT EKSPUZISYON A PWODWI CHIMIK TOKSIK
YO SAN YO PA KONNEN**

***“Lwa sou Dwa pou Konsomatè yo Konnen an” pral bay Ajans Eta yo Otorite pou
yo Elabore Egzijans pou Etiketaj sou Anbalaj Pwodwi yo Deziyen yo -- pou
Endike Prezans Pwodwi Chimik ki Potansyèlman Danjre yo, ki gen
ladan Sibstans Kasinojèn yo***

Videyo kote Gouvènè a ap anonse pwopozisyon sa a disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse nan kad Bidjè Egzekitif li a, yon pwopozisyon k ap pwoteje Nouyòkè yo kont ekspozisyon a pwodwi chimik toksik yo san yo pa konnen. “Lwa sou Dwa pou Konsomatè yo Konnen an” (Consumer Right to Know Act) pral otorize Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la (Department of Environmental Conservation, DEC), an konsiltasyon ak Depatman Sante a (Department of Health, DOH) ak Depatman Eta a (Department of State, DOS), pou yo elabore règleman k ap tabli egzijans pou etiketaj sou anbalaj pwodwi yo deziyen yo, pou endike prezans pwodwi chimik ki potansyèlman danjre yo, ki gen ladan sibstans kasinojèn yo. Videyo Gouvènè a k ap anonse pwopozisyon sa a disponib sou YouTube [la a](#) epi li nan kalite fòm Televizyon (h.264, mp4) [la a](#).

“Plis enfòmasyon nou konnen sou ekspozisyon nou a pwodwi chimik yo, plis sityasyon an pi efreyan”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Konsomatè yo gen dwa pou yo konnen kisa ki gen nan pwodwi yo itilize yo, epi egzijans etiketaj sou pwodwi yo deziyen yo pral bay konsomatè yo enfòmasyon yo merite konnen.”

Nan kad pwopozisyon sa a, ajans yo pral evalye fezabilite etiketaj ki sou anbalaj yo epi elabore règleman k ap tabli yon obligasyon etiketaj pou pwodwi yo deziyen yo, devlope yon lis k ap gen plis pase 1,000 sibstans kasinojèn ak lòt pwodwi chimik ki pral deklanche etiketaj epi idantifye tip pwodwi konsomasyon ki pral bezwen obeyi a nouvo rejim lan yo.

Anplis de sa a, lejislasyon an pral agrandi egzijans divilgasyon Depatman Konsèvasyon Anviwònmantral la te deja tabli avan pou pwodwi netwayaj yo pou l vin kouvri tout pwodwi netwayaj yo vann nan Eta New York la yo, epi li pral bay Depatman Sante a otorite pou yo egzije fabrikasyon pwodwi swen pèsònèl yo tankou fabrikasyon chanpou, dezodoran, oswa poud bebe yo, konfòm a yon divilgasyon similè. Nan kad egzijans sa yo, fabrikasyon pwodwi netwayaj yo ak pwodwi swen pèsònèl yo dwe mete engredyan kèk pwodwi yo genyen disponib piblikman sou sitwèb yo ak nan baz done yo genyen ki aksesib piblikman yo.

Gouvènè Cuomo pral bay DEC, DOH ak DOS otorite ankò pou yo eksplòre mezi potansyèl adisyonèl yo ka pran pou responsabilize konsomatè yo ak plis enfòmasyon.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)